FLORIDA HEALTH JUSTICE PROJECT

www.FloridaHealthJustice.Org

Kijan pou Depoze yon Plent Konsènan yon Plan Swen Jere Medikèd

Kijan pou Depoze yon Plent

Benefisyè Medikèd ki gen difikilte pou jwenn sèvis oswa ki ap fè fas ak lòt pwoblèm ak plan swen jere yo ka depoze yon plent ofisyèl bò kote AHCA (Ajans Léta pou Administrasyon Swen Santé). Plent sa yo ap revize epi trete pa anplwaye ki gen fòmasyon espesyal. Pa egzanp, yon benefisyè tankou Alene, ki gen entèripsyon oswa mank sèvis, ka depoze yon plent pou chèche solisyon.

In addition, Anplis sa, AHCA itilize plent yo pou idantifye pwoblèm ki ka montre gen pwoblèm sistemik. Menm si gen kèk pwoblèm ki pa ka rezoud atravè portal plent lan epi ki ka mande yon odyans ofisyèl (fair hearing), pwosesis plent enfòmèl sa a pa pran anpil tan e li ka mennen nan yon solisyon rapid.resolution.

Konsèy pou Defansè: Li trè enpòtan pou: fè plent lan alekri epi kenbe yon kopi pou dosye pèsonèl ou Gade: "Ansèks 1 - Plent AHCA atravè Portal la"

Portal sou entènèt AHCA a pèmèt moun ki ap depoze plent lan:- rete anonim, si yo vle Sepandan, si pwoblèm nan bezwen yon rezolisyon dirèk, moun ki depoze plent lan dwe pare pou: bay non li, bay adrès imèl oswa nimewo telefòn, soumèt dokiman ki pèmèt AHCA kominike avèk li (tankou: fòm otorizasyon reprezantan, liberasyon HIPAA) Gen yon paj ofisyèl AHCA pou Plent Medikèd Florid kote ou ka soumèt plent la oswa verifye estati plent ou a.

Enfòmasyon ou dwe bay pou Depoze yon Plent :

Etap 1

- Non w
- Wòl ou: Reprezantan Legal/Otorize, Ajan Faktirasyon, Fanmi/Zanmi, Ajans Gouvènman oswa Patnè Kominotè, Plan Sante oswa Plan Dantis, Founisè Sèvis, Benefisyè"
- Nimewo Manm, Nimewo Sosyal ou oswa, Nimewo Kat Medikèd ou

Etap 2

- Nimewo telefòn ou
- Adrès
- Imèl
- Metòd kominikasyon ou prefere ak lang ou prefere

Etap 3- Nan etap sa a, yo pral ba ou yon **Nimewo Plent** ak yon Nimewo **Pwoblèm** — Kenbe nimewo sa yo pou dosye ou

Si moun ki afekte a se: Benefisyè, Founisè, Popilasyon Jeneral”

- Si moun k ap depoze plent lan se “pa benefisyè” a, yo ka mande ou ajoute “moun” nan nan dosye a
- Konte kote moun ki afekte a ap viv
- Si pwoblèm nan gen rapò ak : Plan Sante/Dantè, Medikèd Frè pou Sévis”
- Si pwogram ki konsène a se : “Long Term Care (LTC), Pwogram Asistans Medikal jere (MMA) oswa Swen Dantè nan tout Éta a ”
- Non Plan an

Kounye ou pral jwenn yon seri kesyon detaye (meni chwa obligatwa) (Appendix 2 - Detailed Complaint Questionnaire Step 3)

- Ki deklarasyon ki pi byen dekri sitiyasyon an ?
- Ki kalite sèvis ou bezwen ?
- Èske w te pale ak yon reprezantan plan an oswa Liy Dirèk Medikèd la ? (Wi/Non))
- Chwazi youn nan rezon prensipal sa yo : (pou plent ou a)
- Èske ou gen lòt enfòmasyon ou ta renmen ajoute anvan ou soumèt plent la bay Ajans la ?
    - Nan dènye pati sa a, ou ta dwe ekri fraz sa a “ *Gade dokiman ki atache yo ki esplike plent lan* (ak otorizasyon si sa nesesè)”
    - Anba kestyon an, ap gen opsyon pou atache dokiman e se la ou dwe ajoute plent fòmèl ou a (gade Anèks 1 - Plent AHCA atravè Pòtal la) (ak otorizasyon si sa nesesè)”

Apre ou fin ranpli tout etap yo : Ou pral wè yon apèsi tout plent la ki di : “Ou prèske fini !” (gade Anèks 3 – Apèsi Plent la San Enfòmasyon Sansib yo). **Pran yon foto ekran oswa kopye tout enfòmasyon yo pou dosye pèsonèl ou.** Apresa, klike sou “Finish” pou soumèt plent ou ofisyèlman.

.